# Самарқандта жолды тосқан пуқаралар жууўапкершиликке тартылды

Image not found or type unknown

2021-жыл 26-сентябрь күни Самарқанд районының 13 пуқарасы үйинде газ жоқ екенлиги себепли Самарқанд «М-37а автомобиль айланба жолы»ның қатнаў бөлимин тосып қойған.

Мəлим етилиўинше, олар жасайтуғын аймақ 2015-жылда Министрлер Кабинетиниң қарары тийкарында газ тармағынан үзилип, суйылтырылған газ баллонлары менен тəмийинлениўи жолға қойылған.

Наразылық билдирген пуқаралар жасайтуғын аймаққа соңғы рет мəҳəллеге 29-июль күни суйылтырылған газ баллонлары тарқатылған.

Жүз берген жағдай бойынша районлық ИИБ тəрепинен тергеўге шекемги сорастырыў ҳəрекетлери алып барылып, топланған ҳүжжетлер Жынаят ислери бойынша Самарқанд районы судына жиберилген.

Жынаят ислери бойынша Самарқанд районы судының қарары менен 13 шахс Ҳəкимшилик жууўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 183-201-статьялары ( *майда ҳуқықбузарлық ҳəм митиңлер, көше жүриўлери ямаса наразылықлар шөлкемлестириў тəртибин бузыў*) тийкарында ҳəкимшилик жууўапкершиликке тартылған.

Жолды тосып қойған 13 пуқарадан екеўине ҳəкимшилик қамақ жазасы, 11

пуқараға жәриймa жазасы тайынланды. Бул ҳаққында ўәлаят ИИБ хабар бермекте.